

KIYÈS NOU YE

Depatman Sante Mantal Massachusetts, ke yo rele tou DMH, se yon ajans leta ki angaje nan amelyore sante mantal pou tout moun ki ap viv nan Massachusetts. DMH se, nan nanm li, yon ajans ki vle ede moun, epi ki angaje nan bay aksè a swen sante mantal nan tout kominote yo. DMH konsantre patikilyèman sou jistis ak rive jwenn kominote ki istorikman pa te jwenn sèvis.

SA NOU FÈ

Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH) bay aksè a sèvis ak sipò sante mantal. Nou fè sa atravè:

- Sansibilizasyon ak edikasyon
- Angajman kominotè
- Entèvansyon prevantif
- Sipo moun tankou ou
- Pwogram ak sèvis
- Lwa ak règleman; epi
- Tretman



Departman Sante Mantal

Yon Entwodiksyon



KIYÈS NOU YE

Depatman Sante Mantal Massachusetts (DMH) sèvi moun ak fanmi atravè Eta a epi li gen yon wòl espesyalize nan sistèm livrezon swen sante a. DMH konekte moun ak sèvis byennèt apwopriye, ki gen ladan resous kominotè yo; osi byen ke, bay sèvis adisyonèl pou moun ki gen bezwen ki pi grav yo.

Pifò sèvis sante mantal, tankou medikaman ak terapi, yo bay atravè asirans sante, tankou MassHealth (ki rele tou Medicaid), Massachusetts Connector (yon mache asirans sante) oswa atravè asirans prive (ki baze sou anplwayè).

DMH sipèvize Liy Asistans pou Sante Konpòtman an tou, ki konekte moun ak sèvis, kit yo gen asirans oswa si yo pa, epi si yo ap chèche èd pou tèt yo oswa yon moun ou renmen yo. Rezidan yo ka rele oswa voye tèks nan 833-773-2445 nenpòt kilè nan jounen an oswa nan mitan lannwit, ak nan 200 lang. Yon opsyon pou koze ak yon moun disponib tou lè w vizite masshelpline.com.

PLIS ENFÒMASYON

Disponib tou nan
www.mass.gov/dmh

KI KOTE

DMH pwolonje nan tout pati nan Massachusetts! DMH ak sipò sante mantal yo ka jis yon apèl nan telefòn, imèl, oswa konvèsasyon lwen.

Gen 25 nouvo Sant Sante Konpòtman Kominotè atravè Massachusetts, kote sèvis sante mantal ak adiksyon yo disponib sou yon baz premye moun ki vini se premye moun ki resevwa sèvis.

Genyen tou biwo DMH nan chak rejyon jewografik Eta a.

Gen patnè ak sipò kominotè ki sitiye nan oswa ki baze nan divès kominotè pou granmoun, jèn ak fanmi yo – gen kèk ki klinik, gen kèk kanmarad ap dirije ant yo, gen kèk ki se sant drop-in (san randevou), gen kèk ki vin rankontre ou kote ou ye a, ak kèk bay yon konbinezon nan sèvis yo.

KILÈ

Kontakte DMH si ou menm, yon moun ou renmen oswa yon moun nan kominote w ap chèche sèvis, sipò oswa resous ki gen rapò ak sante mantal oswa adiksyon. Nou vle tandè w si se pandan yon kriz, pandan w ap travay pou byennèt/rekiperasyon, oswa kòm mezi prevantif.

POUKISA

Paske ou pa poukont ou epi gen èd ki disponib. Nou ankouraje w pou pa rete an silans sou jan ou santi ou. Gen anpil moun ki vle ou menm, moun ou renmen yo, ak moun ki nan kominote w pou reyisi atenn objektif lavi pèsonèl yo.



**RETE FÒ
PA RETE
AN SILANS**